

KHUTBAH KAHIJI

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يُضْلِلُهُ فَلَا هَادِي لَهُ.

أَشْهُدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهُدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ.

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبَعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. أَمَّا بَعْدُ

Hadirin sidang jumah rohimakumulloh

Teu aya kalimah anu pang-saena anu kedah dikedalkeun ku urang sadayana anging ngucapkeun Alhamdulillah. Puji syukur ka Alloh, anu ngatur sadayana alam.

Solawat mugia tetep dilimpahkeun ka panutan alam, Kangjeng Nabi Muhammad SAW. Sareng mugia urang sadayana kenging syafaatul udzma ti Alloh Subhanahu wa Ta'ala, anu dihadirkeun melalui Nabi Muhammad SAW di yaumil akhir. Aamiin yaa Robbal 'aalamiin.

Salajengna, khotib bade wasiat khusus ka diri pribadi, umumna ka jamaah sadayana, hayu urang sami-sami ningkatkeun kaimanan sareng katakwaan ka Alloh Subhaanahu wa Ta'ala, ku cara ngajalankeun parentah-Na sareng nebihan laranganna-Na.

Ma'asyirol muslimin rahimakumullah...

Dinu khutbah ayeuna, urang sami-sami ngemutan masjid ieu, tempat dimana urang tiasa tepang, manjangkeun tali silaturahim antawis urang, boh dinu waktos sholat berjamaah, acara pangaosan rutin, sareng acara sanesna.

Masjid ieu kedah janten tempat anu sae sagalarupina kanggo sadaya kalangan. Teu nu beunghar teu nu miskin, teu pajabat teu rakyat, teu kyai-ustadz-penceramah teu warga biasa, teu santri teu murangkalih sakola, teu pengusaha teu padambel, teu pns teu wiraswasta, teu imamna teu makmumna, sadayana gaduh hak anu sami, gaduh hak hoyong tiasa nyaman ibadah ka Alloh di masjid ieu, tanpa halangan tanpa rintangan, sareng tanpa perlakuan diskriminatif, boh ti pengurus boh ti jamaah atanapi warga sanesna, margi, insyaa Alloh, sadayana anu dongkap ka masjid ieu, gaduh niat sareng tujuan anu sae, nyaeta dzikir ngemutan Alloh kujalan ibadah sholat, ngaos quran, sareng ibadah anu sanesna.

Hadirin sidang jumah rohimakumulloh

Hayu urang sami-sami ngamakmurkeun ieu masjid. Dimana, cara ngamakmurkeun masjid aya dua bentuk: Anu kahiji, ngamakmurkeun bangunan masjid, kucara ngawangun fisik sareng ngajaga kabersihan masjid.

Anu kadua, ngamakmurkeun masjid kucara dzikir ka Alloh Subhanahu wa Ta'ala, ngadirikeun shalat, sarta ngajalankeun ibadah sanesna di lebet masjid, anu hasilna kedah aya dampak sae ka masing-masing urang, nyaeta nerapna hasil ibadah di masjid dinu aktivitas urang sadidinten di luar masjid. Hal ieu, anu istilahna ngabangun mental-spiritual urang sadayana.

Dina prosesna, ngamakmurkeun masjid peryogi ngalibetkeun seueur pihak. Kedah aya kerjasama, nyamikeun visi sareng misi antawis pengurus sareng jamaah atanapi warga.

Masjid, mangrupi bangunan anu diberkahi ku Alloh, tangtos kedah gaduh peranan penting dinu ngabina umat sareng warga. Ku ayana kerjasama pengurus sareng jamaah, harepan urang, ti masjid kasaenan muncul sareng tiasa nyebar, minimalna di diri urang masing-masing, keluarga urang, tempat usaha atanapi tempat dambel urang, tempat panongkrongan urang, dugikeun ka lingkungan urang, di Kp. Leles sareng Babakan.

Hadirin sidang jumah rohimakumulloh

Waktos Rosululloh SAW hijrah ka Madinah, bangunan anu didambel pangpayunna, nyaeta masjid. Di masjid eta, Nabi SAW ngadidik umat, ngajarkeun aqidah anu leres, ibadah anu leres, akhlak anu leres sareng bermu'amalah anu leres, sahingga sahabat-sahabat Nabi SAW janten umat anu pangsaena.

Allah Ta'ala ngadawuh,

كُنْتُمْ خَيْرَ أُمَّةٍ أُخْرَجْتُ لِلنَّاسِ تَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ وَنَهَايْتُمُونَ عَنِ الْمُنْكَرِ
وَتُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَلَوْ آمَنَ أَهْلُ الْكِتَابِ لَكَانَ خَيْرًا لَهُمْ مِنْهُمُ الْمُؤْمِنُونَ
وَأَكْثَرُهُمُ الْفَاسِقُونَ

"Aranjeun umat anu pangalusna anu dilahirkan keur manusa, nitah kanu kahadean, jeung nyegah tinu hal anu munkar, jeung iman ka Alloh. Sakirana Ahli Kitab ariman, tangtu eta lebih alus pikeun maranehna, di antara maranehna aya anu ariman, jeung lolobana ti maranehna jalma-jalma anu fasiek." (QS. Ali Imran: 110).

Dinu ayat sanesna, Allah Ta'ala ngadawuh,

إِنَّمَا يَعْمَرُ مَسَاجِدُ اللَّهِ مَنْ آمَنَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَأَقَامَ الصَّلَاةَ وَآتَى
الزَّكَاةَ وَلَمْ يَخْشَ إِلَّا اللَّهُ فَعَسَى أُولَئِكَ أَنْ يَكُونُوا مِنَ الْمُهَتَّدِينَ

"Ngan anu memakmurkan masjid-masjid Alloh nyaeta jalma-jalma anu ariman ka Alloh sareng poe akhir, sarta tetep ngadirikeun shalat, nunaikeun zakat jeung teu sieun (ka saha wae) salian ka Alloh. Maka maranehna jalma-jalma anu diharepkeun kalebet golongan anu kenging pituduh." (QS. At-Taubah: 18)

Kanggo motivasi urang, ti Abu Umamah radhiyallahu 'anhu, Nabi shallallahu 'alaihi wa sallam ngadawuh,

مَنْ غَدَا إِلَى الْمَسْجِدِ لَا يُرِيدُ إِلَّا أَنْ يَتَعَلَّمَ خَيْرًا أَوْ يُعَلَّمُهُ، كَانَ لَهُ كَأْجُرٌ
حَاجٌ تَامًا حَجَّتُهُ

"Sing saha jalma anu ka masjid, anu dipikahayangna ngan ukur diajar kahadéan atawa ngajarkeun kahadéan, manéhna bakal meunang pahala ibadah haji anu sampurna." (Diriwayatkeun ku Thabrani dina Al-Mu'jam Al-Kabir, 8:94. Syaikh Al-Albani dina Shahih At-Targhib wa At-Tarhib, no. 86 nyatakeun yén ieu hadits hasan shahih).

Kasimpulan tinu uraian khutbah ieu, masjid dimakmurkan kucara:

Selain ti ngabangun sareng miara bangunan masjid, oge urang sadaya kedah:

Iman ka Alloh sareng poe akhir.

Ngadirikeun shalat.

Ngalurakeun zakat.

Sieun mung ka Alloh.

Masjid diisi ku majelis ilmu, sapertos pembelajaran Al-Qur'an, akidah, fikih, ibadah, akhlak, adab, sareng ilmu penting sanesna.

بَارَكَ اللَّهُ لِيْ وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفْعَنِي وَإِيَّا كُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَذِكْرِ الْحَكِيمِ وَتَقْبِيلِ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاقُتُهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ أَقُولُ قَوْلِيْ هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِيْ وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

KHUTBAH KEDUA

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَنَا بِالْإِعْتِصَامِ بِحَبْلِ اللَّهِ، أَشْهُدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهُدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ.
فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، أُوصِنِّيْكُمْ وَنَفْسِيْ بِتَقْوَى اللَّهِ. وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ عَظِيمٍ، أَمَرَكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيمِ
فَقَالَ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّوْنَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيْمًا
اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، وَرَضِّيَ اللَّهُ تَعَالَى عَنْ كُلِّ
صَحَابَةِ رَسُولِ اللَّهِ أَجْمَعِينَ. --- امین يا رو بال العالمين

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ
وَالْأَمْوَاتِ

رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرْةً أَعْيُنَ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَقِينَ إِمَاماً
رَبَّنَا آتَنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقَنَا عَذَابَ النَّارِ
سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ، وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ
الْعَالَمِينَ

عِبَادَ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُنَا بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ
وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَاذْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرُكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَىَ
نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرَ - استغفر الله العظيم لي ولكم